



# BEZWEN ÈD AK IPOTÈK OU?

FON ASISTANS PWOPRIYETÈ KAY MASSACHUSETTS  
(MASSACHUSETTS HOMEOWNER ASSISTANCE FUND) LA, LA.

## KONSÈNAN MASS HAF

Fon Asistans pou Pwopriyete Kay Massachusetts (Mass HAF) disponib pou pwopriyete kay ki an reta nan peman ipotèk yo akòz pandemi COVID-19 la. Objektif HAF se pou anpeche sezi ak depasman pwopriyete kay ki elijib yo. Mass HAF finanse pa American Rescue Plan Act (American Rescue Plan Act, ARPA).

## MWEN SE PWOPRIYETE KAY MWEN AK DÈYÈ SOU MORTGAGE MWEN.

Èske mwen kalifye pou Mass HAF la?

Ou ka kalifye pou Mass HAF si:

- ✓ Ou posede epi w ap viv nan yon kondominyòm, kay yon sèl fanmi, oswa yon pwopriyete 2-, 3- oswa 4-fanmi nan Massachusetts.
- ✓ Ou dèyè sou peman ipotèk ou pa omwen 3 mwa
- ✓ Oumenm oswa yon moun lakay ou te gen revni yo bese, oswa depans pou viv yo te ogmante, apre 21 janvyè 2020 akòz pandemi COVID-19 la. Sa enkli pèt travay, mwens èdtan travay, peye plis pou gadri, maladi, oswa pa kapab travay paske ou te oblije pran swen yon manm fanmi
- ✓ Ou ranpli [limit revni pwogram lan](#) (limit revni yo se 150% AMI - revni medyan zòn nan)

## KIJAN MASS HAF KA EDE M?

Si yo apwouve w pou Mass HAF, ou ta resevwa asistans pou peman ipotèk anreta. Si ou gen peman anreta sou taks sou pwopriyete, prim asirans pwopriyete kay, frè kondominyòm ak sèvis piblik, ou ka anmezi pou resevwa asistans adisyonèl.

## ÈSKE M AP RESEVWA LAJAN AN DIRÈKTEMAN?

**Non.** Si yo apwouve w, lajan ap ale dirèkteman bay founisè prè ipotèk ou a (konpayi ki resevwa peman ipotèk ou a). W ap enfòmè sou konbyen asistans yo te bay ak kijan yo te itilize li.

## ÈSKE MWEN BEZWEN REMÈT LAJAN AN?

**Non,** tasistans lan se yon sibvansyon, se pa yon prè. Ou p ap gen pou peye lajan an tounen.

## KOUMAN POU MWEN APLIKE?



Aplikasyon an se sou entènèt. Aprann plis epi aplike yont [www.massmortgagehelp.org](http://www.massmortgagehelp.org). Ou kapab tou ranpli yon ti tès depistaj sou entènèt pou wè si w kalifye.



Pou enfòmasyon jeneral konsènan Mass HAF oswa mizajou konsènan nan ki pwen aplikasyon ou rive, ou kapab rele Sant Apèl HAF la nan (833) 270 - 2953, lendi pou samdi, sòti 8è a.m. rive 7è p.m. (sèvis entèprèt yo disponib). Ou kapab travay tou ak yon ajans lojman ki pa chèche pwofi ki ka ede w aplike. W ap jwenn yon lis ajans konsèy pou lojman nan [www.massmortgagehelp.org](http://www.massmortgagehelp.org).

[massmortgagehelp.org](http://massmortgagehelp.org)

Pwojè a te sipòte, annantye oswa an pati, pa nimewo prim fédéral HAF0174 Depatman Trezò Etazini bay Commonwealth Massachusetts.

